# Тэджрид Ат-Тэухьид Аль-Муфид

[ Адыгэбзэ – Circassian – شركسي ]


## Ахьмэд бин Алий Аль-Микърizи



Зэзыдзэк1ар ик1и бзэ лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Аматуллах Шэркэси

Шэрихьэт лъэныкъуэк1э еплъыжар:
Абу Мухьэммэд Шэркэси

# تجريد التوحيد المفيد

أحمد بن علي المقريزي

ترجمة وتدقيق لغوي:

أمة الله الشركسي

مراجعة شرعية:

أبو محمد الشركسي

## Зытхам и гъащ1эм теухуауэ к1эщ1у

**И ц1эмрэ къызхэк1амрэ:**

Ар Ахьмэд бин Алий бин Гьэбдулькъадир бин Мухьэммэд бин Ибрахим бин Мухьэммэд бин Тэмим Аль-Микъризи, Тэкъиюдин Абу Аль-Гьэббас, жа1ащ: Абу Мухьэммэд.

Бэгьлэбэк лъэпкък1э щыщт, Мысырым къыщыхъуащ ик1и дунейм щехыжащ… Хьэнэфитхэм щыщт, ит1анэ шафигьит хъуащ.

**Къыщыхъуар:**

Ибн Тэгърий Бэрдий (874 илъэсым хиджрэк1э дунейм ехыжащ) жи1ащ: «Шейхъ Тэкъиюдин, Алыхьым гущ1эгъу къыхуищ1, сеупщ1ат къыщыхъуам, жи1ащ: «Щиблрэ хыщ1 гъэм иужь илъэс бжыгъэ гуэр дэк1ауэ».

Аль-Хьафиз Ибн Хьэджэр (852) жи1эжащ илъэгъуауэ Аль-Микъризи езым и 1эк1э итхауэ илъэс щиблрэ хыщ1 гъэм къызэрыхъуар къызэрык1ыр.

**Зэрап1амрэ щ1эныгъэ зэригъэгъуэту зэрыщытамрэ:**

Аль-Хьафиз Ибн Хьэджэр жи1ащ: «Дэгъуэу яп1ащ, Абу Хьэнифэ и мэзхэбым и тхылъ зыригъэщ1ащ езбыру щапхъэ къытрихри и адэжьым и анэк1э шейхъ Шэмсудин ибн Ас-Са1игъ, ар щ1эныгъэл1 ц1эры1уэт.

Ит1анэ ин хъуурэ и ныбжьыр т1ощ1ым щыблэк1ым и адэр илъэс ищ1рэ хым дунейм ехыжри езыр шафигьит хъуащ».

Аль-Хьафиз жи1ащ: «Ит1анэ щ1эныгъэ зыригъэгъуэтри, къыгуры1уэри шафигьиту зихъуэжащ».

И уахътэм псэуа шейхъ куэдым ядеж щеджащ, псалъэм папщ1э Аль-Бурхан Аль-Амидий (797), Аль-Булькъейний (805), Аз-Зейн Аль-Гьиракъий (806), Аль-Хейсэмий (807), нэгъуэщ1хэри.

Ас-Сэхъауий (902) жи1ащ: «Седжащ и 1эк1э итхауэ … абы и шейхъхэр ц1ыху щихым нэсу щытауэ».

Аль-Хьафиз Ибн Хьэджэр жи1ащ мыпхуэдэу: «Ди шейхъхэми, абыхэм нэхъ япэк1э псэуахэми ядеж щеджащ».

Щ1эныгъэ зыригъэгъуэтащ, щыгъуазэ хъуащ, щ1эныгъэ зыбжанэм хэплъащ, тхыдэм дихьэхри абым епхауэ куэд зэхуихьэсащ.

**И щытык1эмрэ и щэнымрэ:**

- Зыбжанэрэ Дамаск къадыуэ[1] ящ1ыну хуеяхэщ Ан-Насырия къэралыгъуэм и пэщ1эдзэхэм, ауэ идакъым абы еувэл1эну.

- И унэм къыщ1эк1тэкъым, гьибадэрэ[2] закъуэныгъэрэ къыхихт, зыгуэрым идеж щык1уэр нэгъуэщ1 амал щимы1эжырат.

- Ибн Тэгърий Бэрдий жи1ауэ щытащ: «Куэдрэ итхахэм щыщ сыхуеджэт, ик1и зыгуэрым и гугъу сщ1ыуэ зэрынэхътэрэзыр жыс1эмэ, ипэк1э итхар зэрихъуэк1ыжт».

**Щ1эныгъэл1хэр къызэрыщытхъуахэр:**

Аль-Хьафиз Ибн Хьэджэр жи1ат: «Ар щытащ имаму, икъук1э щыгъуазэу, щ1эныгъэхэм хуэ1эзэу, хуэ1эк1уэлъак1уэу, диным пылъу, ф1ым тету, ахлю ас-суннэр[3] ф1ыуэ илъагъут, хьэдисхэмрэ ахэр игъэзэщ1энымрэ хущ1экъут, зыгуэрэхэм абым щхьэк1э захирием щыщ жа1ат[4], ныбжьэгъугъэк1э ф1ыт, псалъэмэ гуак1уэт».

Ибн Тэгърий Бэрдий мыпхуэдэу жи1ащ: «Шейхъ имам щ1эныгъэл1 1ээ, тхыдэ щ1эныгъэл1хэм я пашэ, хьэдис щ1эныгъэл1хэм я щапхъэ…».

Ит1ани жи1ащ: «Къапщтэмэ, аращ нэхъ щыгъуазэр тлъэгъуахэм щыщу тхыдэмрэ абы къытек1а щ1эныгъэхэмрэ, ик1и тхыдэ щ1эныгъэл1у абы и уахътэм псэуахэр сощ1эр сэ. Ик1и ахэм къазэрыщхьэщык1ыр гур1уэгъуэщ, зыгуэрым укъыдэщ1ыными сэбэп и1экъым».

К1эщ1у жып1эмэ, абым къыщытхъуа щ1эныгъэл1хэм я псалъэхэр куэдщ, зэрыщыту къэтхьыну амал щы1экъым, имам Ас-Сэхъауи абы и хьэкъым щыщ хигъэщ1ами.

---

[1] Шэрихьэтым тету ц1ыхухэм я 1уэхухэр зэхэзыгъэк1ыращ.

[2] Алыхьым узэрыхуэпщыл1 1уэхухэр бгъэзэщ1эныращ.

[3] Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, къихьам тетхэращ.

[4] Нэгъуэщ1 щ1ып1эм щыжи1ащ: «Ауэ ар ахэм ящыщакъым».

Аш-Шэукани (1250) жи1ащ: «Тхыдэм хуэ1эзэт, зэтек1ыныгъэ куэдми щыгъуазэт. Абым и щыхьэтщ итха тхыгъэхэр, ар Ас-Сэхъауи имэдэми, арат ар и уахътэм псэуа щ1эныгъэл1хэм зэрахущщытар».

**Итхахэр:**

Ас-Сэхъауи жи1ащ «Ад-Дэу1 Ал-Ламигь» тхылъым: «И 1эк1э итхауэ седжащ и тхыгъэхэр щит1ым щ1игъуауэ…»

Ибн Тэгърий Бэрдий жи1ащ: «Куэд итхт, тхылъ куэди и 1эм къыщ1эк1ащ».

И тхыгъэхэм я ц1эхэр тхущ1ым носыр, абыхэм щыщ гуэрэхэр тхылъищэм нос.

**Дунейм щехыжар:**

Рэмэдан мазэм и 16-ым 845 гъэм хиджрэк1э мэхуэку махуэм дунейм ехыжащ и ныбжьыр илъэс ищ1 хъууэ, Алыхь Лъап1эм гущ1эгъу къыхуищ1.

# Бисмиляхи Ар-Рэхьмани Ар-Рэхьим

Ф1ыщ1эр зейр Алыхьыращ, дунейуэ хъуам я Тхьэм, ф1ыр зи нат1эр Алыхьым ф1эл1ык1хэращ, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ ялъыс и бегъымбар Мухьэммэд, бегъымбархэм яужьрейм, абым и унагъуэм, и сэхьабэхэм псоми.

Иужьк1э:

Мы тхылъыр сэбэпхэр здызэхуэхьэсащ, зыми емыщхьу зэхэгъуващ, Алыхьымрэ ахърэтымрэ хуейм къыщхьэпэнущ, ф1эсщащ: «Китаб тэджрид ат-тэухьид аль-муфид».

Алыхь Лъап1эм солъэ1ур къыздэ1эпыкъуну абы селэжьыну.

Зэгъащ1э Алыхь Лъап1эр псоми я Тепщэу зэрыщытыр, псоми я Пащтыхьу зэрыщытыр, псоми я Тхьэу зэрыщытыр.

[Тепщэм къик1ыр]

«**Тепщэ**» псалъэм и мыхьэнэр Лъап1эм и псалъэхэм къегъэлъагъуэ: *«Дунейхэм я Тепщэ»*[5]. Тепщэ Лъап1эу Лъагэр Къэзыгъэхъуащ Къэзыгъэщ1ащ и пщыл1хэр, ахэм я 1уэхухэр зэзыгъэзахуэ, я щытык1эхэр захуэ зыщ1ыж, к1элъоплъыр ахэм я къэгъэхъук1эр, я ерыскъыр, я узыншагъэр, я дин 1уэхухэмрэ дуней 1уэхухэмрэ гъэзэхуэным.

[Тхьэуэ щытыным къик1ыр]

«**Тхьэуэ щытыныр**» пщыл1хэм Ар ф1ыуэ ялъагъуу, Тхьэуэ зэра1эращ, я лъагъуныгъэр, шынэр, гугъэр, жы1эщ1агъэр, тобэр, псалъэу ятыр, жы1эда1уагъэр, лъэ1ур, щыгугъыныр, нэгъуэщ1 абыхэм хуэдэхэри Абы и закъуэу зэрыхуагъэфащэращ.

[Тэухьидым и пэжып1эмрэ къыпхуихьымрэ]

**Ат1э тэухьидым[6] и пэжып1эр:** ар къэхъур зэуэ Алыхь Лъап1эм идеж къызэрик1ыр плъагъуу, абыхэм сэбэп хуэхъуахэм е 1эжьэгъухэм ухуемыплъэк1ыныращ, ф1ыри 1ейри зэуэ Алыхь закъуэм идеж къызэрик1ыр плъагъуныращ.

---

[5] Аль-Фатихьэ: 2.

[6] Тэухидыр Алыхьыр бгъэзакъуэныращ Езым и 1уэхухэмк1э, зыхуигъэфэщахэмк1э, ик1и хуэпщыл1ынк1э.

Апхуэдэ еплъык1эм къыхок1ыр Алыхь закъуэм ущыгугъыныр, къигъэхъуахэм уащыгугъыныр къэбгъэнэныр, ахэр бгъэкъуэншэныр къэбгъэнэныр, Алыхь Лъап1эм ухуэарэзыныр, Абы и унафэм зыхуэптыныр.

Ар къыбгур1уамэ зэгъащ1э, Алыхь Лъап1эм и тепщэныгъэр и пщыл1хэм хуэгъэзащ, тхьэуэ хуэпщыл1ыныр и пщыл1хэм къабгъэдок1ри Алыхь Лъап1эм хуэгъэзащ. Гущ1эгъуныгъэм абыхэмрэ Алыхь Лъап1эу Лъагэмрэ зэрепхыр.

Зэгъащ1э, 1уэхум я нэхъ лъап1эр ик1и я нэхъ пщ1э зи1эр: ар Алыхь Лъап1эр бгъэзакъуэныращ[7].

Ик1и тэухьидым лъэныкъуит1 и1эщ:

**Япэрейр**: уи бзэк1э жып1эныр: «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1экъым»[8], а псалъэхэм тэухьидк1э йоджэхэр, абым къегъэлъагъуэ зэрыдмыдэр чыристэнхэр (зыхуэпщыл1) щыр.

Къагъэлъагъуэмрэ яущэхумрэ зидежым зэтек1 бзыт1-щхьит1хэми мы тэухьидыр къабгъэдок1ыр.

**Ет1уанэу:** уи гум зэтек1ыныгъэ, мыарэзыныгъэ имылъыну а псалъэхэм ехьэл1ауэ. Ат1э гуми быдэу ар и ф1эщ хъун хуейщ, зэрыпэжыр къыгур1уэн хуейщ. Аращ ц1ыху къызэрыгуэк1ым я тэухьидыр.

[Тэухьидым и купщ1эр]

**Тэухьидым и купщ1эр:** къыбгур1уэныращ къэхъур зэуэ Алыхь Лъап1эм къызэрыбгъэдэк1ыр, 1эжьэгъухэм ухуемыплъэк1ыу, ик1и Алыхь Лъап1эм ухуэпщыл1ыныр бгъэзакъуэу, нэгъуэщ1 зыми ухуэмыпщыл1у.

[Тэухьидым зэран хуэхъур]

А тэухьидым укъыхешыр: ф1эф1ыныгъэхэм[9] к1элъык1уэным, сыту жып1эмэ, ф1эф1ым к1элъык1уэр а и ф1эф1ыныгъэм хуэпщыл1у аращ. Алыхь Лъап1эм жи1ащ: *«Уэ плъэгъуакъэ зи ф1эф1ыныгъэр тхьэ зыхуэзыщ1ыжар?»*[10].

---

[7] Аращ тэухьидыр.

[8] «Ля 1иляхэ илля Аллах» псалъэхэм я мыхьэнэр аращ.

[9] Псэм ф1эф1у мыхъун 1уэхухэращ зи гугъу ищ1ыр.

[10] Аль-Джасие: 23.

Уегупсысмэ къыбгур1уэнущ: сурэт гъэжахэм хуэпщыл1ыр ипэжып1эк1э и ф1эф1ыныгъэращ зыхуэпщыл1ыр, абы и псэр зыхущ1экъур и адэхэм я диныращи, а и псэр зыхущ1экъум к1элъык1уащ. Псэр зыгуэрым ф1эф1у хущ1экъуныр ф1эф1ыныгъэ псалъэм и мыхьэнэхэм щыщщ.

А тэухьидым къыхэк1ащ Алыхьым къигъэхъуахэм хуэгубжьыр (зыгуэр къыщыщ1амэ е къемыхъул1амэ), е ящыгугъыр. Сыту жып1эмэ, псори Алыхьым къызэрыбгъэдэк1ыр зи ф1эщ хъур дауэрэ хуэгубжьыну зыгуэрхэм е ящыгугъыну?

Ат1э мы тэухьидыр пэжыгъэ зыхэлъхэм я увып1эщ.

[Тэухьид ал-1иляхиемрэ ар-рубубиемрэ я мыхьэнэ пэжыр]

Ик1и гъэщ1эгъуэнкъым мушрикхэм тэухьид ар-рубубиер[11] къащтэу зэрыщытар, ат1э я ф1эщ хъут Алыхь Лъап1эм и закъуэу къызэригъэхъуахэр, уафэхэри щ1ылъэри къызэригъэхъуар, дунейм и 1уэхухэр зэуэ зэрызэригъэзахуэр. Ахэм ямыдар тэухьид аль-1иляхиеращ[12], ф1ылъагъуныгъэращ.

Алыхь Лъап1эм ахэм ягугъу ищ1ащ мы и псалъэхэм: *«Ц1ыхум яхэтщ Алыхьым нэмыщ1 зыгуэрхэр хуагъадэу къэзыщтэхэр, ахэр ф1ыуэ ялъагъур Алыхьыр ялъэгъун зэрыхуейм хуэдэу. Ауэ иман зи1эхэм Алыхьыр нэхъыф1у ялъагъу»*[13].

Ахэм нэгъуэщ1хэр Абым щыхуагъадэм мы тэухьидым идеж мушрик хъуахэщ. Алыхь Лъап1эм жи1ащ абы теухуауэ: *«Алыхьу уафэхэри щ1ылъэри къэзыгъэщ1у к1ыф1ымрэ нэхумрэ зэхэзыгъэк1ам ейщ щытхъур! Ит1ани джаурхэм я тхьэ нэпц1хэм хуагъадэр»*[14]. Къик1ыр: нэгъуэщ1хэр Абы хуагъадэр.

Алыхь Лъап1эм жи1ащ: *«Абыхэм я Тхьэм хуагъадэр»*[15].

---

[11] Алыхьым псори къызэригъэхъуар, псоми я Тепщэу зэрыщытыр, псоми я унафэ зэрищ1ыр уи ф1эщ хъуныращ тэухьид ар-рубубиер.

[12] Алыхь зыкъуэм ухуэпщыл1ыныр, уи 1уэхухэр зэуэ хуэбгъэзэныр, ущыгугъыныр, ущышынэныр, ф1ыуэ плъагъуныр, абым нэгъуэщ1 зыми уемылъэ1унуращ тэухьид аль-1илахиер.

[13] Аль-Бэкъэрэ: 165.

[14] Аль-1энгьам: 1.

[15] Аль-1энгьам: 150.

Алыхь Лъап1эу Лъагэм яригъэщ1ащ и пщыл1хэм ширкыр тэухьид аль-1иляхием къызэрыхагъэщынур, Езы Лъап1эращ зыхуэфащэр изакъуэу пщтэну Дэ1эпыкъуэгъу, Унафэщ1у, Тхьэуэ. Алыхь Лъап1эм жи1ащ: *«Жы1э: «Сэ уафэхэмрэ щ1ылъэмрэ къэзыгъэщ1а Алыхьым нэгъуэщ1 дэ1эпыкъуэгъуу зыгуэр сщтэн?»*[16]. Ит1ани жи1ащ: *«Алыхьым нэгъуэщ1 унафэщ1 дауэ сыхуеин?»*[17]. Ит1анэ жи1ащ: *«Жы1э: «Дауэ сыхуеин Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ?»*[18].

Аращи, Алыхьым нэгъуэщ дэ1эпыкъуэгъуи, унафэщ1и, тхьэи щы1экъым. Абым зыгуэр хуэзыгъэдам ширк ищ1ауэ аращ 1улюхием[19], рубубиемк1э[20] Алыхьыр игъэзакъуэми.

Тэухьид ар-рубубиеращ къигъэхъуауэ хъуар зэрызэгухьэр: му1минхэри, джаурхэри.

[Му1минхэмрэ мушрикхэмрэ я гъуэгухэр зэтезыгъэк1ыр]

Ауэ тэухьид аль-1иляхием му1минхэмрэ мушрикхэмрэ я гъуэгухэр зэхегъэк1, абым къыхэк1ыу ислъамым и псалъэхэр «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1экъым»[21] псалъэхэращ. «Алыхьым нэгъуэщ1 тепщэ щы1экъым»[22] зыгуэрым жи1амэ, ар ирикъукъым щ1эныгъэл1ышхуэхэм зэрыжа1амк1э.

Тэухьид аль-1улюхиеращ пщыл1хэм унафэу ятелъыр, аращи «Алыхь» псалъэм и лъабжьэр «1иляx»[23] псалъэращ къызтек1ар, Сибауейх зэрыжи1амк1э, ик1и ар тэмэмщ, аращ щ1эныгъэл1у щ1ыгъуахэми зэрыжа1эр ахэм щыщ зыгуэрхэм мыхъу.

А жыт1ам къыхэк1ыу 1иляхыр ф1ыуэ плъагъуращ щытык1э икъук1э нэгъэсауэ хэлъхэм щхьэк1э: «Алыхь» ц1эм хеубыдэр адрей ц1э ф1ыщэхэмрэ щытык1э 1этахэмрэ я мыхьэнэхэр, ик1и аращ мушрикхэм ямыдэр.

[Тэухьид ар-рубубием тэухьид аль-1улюхиер щыхьэт хуохъур]

---

[16] Аль-1энгьам: 14.
[17] Аль-1энгьам: 114.
[18] Аль-1энгьам: 164.
[19] Тэухьид аль-1иляхиеращ зи гъугъу ищ1ыр.
[20] Тэухьид ар-рубубиеращ зи гугъу ищ1ыр.
[21] «Ля 1иляхэ илля Аллах».
[22] «Ля рэббэ илля Аллах».
[23] Ик1и тэухьид аль-1иляхиер (аль-1улюхиер) аращ къызтек1ар.

Ат1э Тепщэ Лъап1эм тэухьид аль-1улюхиер къэзыгъэпэж щыхьэтхэр къахуехьыр абыхэм я тэухьид ар-рубубием къыхэк1ыу. Алыхь Лъап1эм жи1ащ: *«Жы1э: «Алыхьыр согъэлъап1э, Абы и пщыл1у хихахэми сэлам язох. Алыхьыра нэхъыф1ыр хьэмэрэ абы гъусэ хуащ1хэра? Хьэмэрэ уафэхэри щ1ылъэри къыфхуэзыгъэщ1у, уафэм псы къыфхуезыгъэхыу, а псымк1э жыг хадэ дахэхэр къыфхуэзыгъэк1ара? Фэ абым щыщу зы жыги къыфхуэгъэк1ынутэкъым! Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1э? Ауэ ахэр гъусэ хуэзыщ1 гупщ»*[24].

Алыхьым и аятхэм щыщ и гугъу щищ1к1э, иужьк1э же1эр: «Алыхьым нэгъуэщ1 тхьэ щы1э?» Абык1э къегъэлъагъуэр Лъап1эу Лъагэм мушрикхэм тэухьид аль-1улюхиер зэрамыдэр, нэхъ тэухьид ар-рубубиеракъым. Ауэ ахэм яхэтщ ар-рубубиемк1и ширк зыщ1ахэр, абым теухуауэ Алыхьым жи1эмэ иужьк1э къэк1уэнущ.

К1эщ1у жып1эмэ, Алыхь Лъап1эм тэухьид аль-1улюхием и щыхьэтхэр къахуехьыр тэухьид ар-рубубиер къызэрагъэпэжым къыхэк1ыу.

[Пащтыхьым къик1ыр]

**«Пащтыхь»** псалъэм къик1ыр ар: унафэ зыщ1 ящ1энумк1и ямыщ1энумк1и, къигъэщ1ахэр къигъэщ1 къудейуэ щхьэрыут1ыпщу къигъэнакъым унафэ ямы1эу, зыми мыхъуныр яхуимыдэу, псапэ ирамытхэу, тезыр къытрамылъхьэхэу. Ат1э Пащтыхьыращ унафэ яхуэзыщ1ыр ящ1энури ямыщ1энури, язытри, яримыту зэтезыубыдэри, ягуауэри яхуэф1ри, псапэ язытри тезыр ятезылъхьэри.

Аращ къыщ1эк1уар сурэ «Ан-Насымрэ» «Аль-Фэлэкъымрэ» Алыхьым укъихъумэну узэрелъэ1у и ц1э лъап1эхэм щыщу щыр: «Ар-Рэб»[25], «Аль-Мэлик»[26], «Аль-1илях»[27]. Абы щыжи1эк1э: *«Жы1э: «Солъэ1у ц1ыхухэм я Тепщэм»*[28], егъэбыдэр ахэр къызэригъэщ1ар, къызэригъэхъуар.

---

[24] Ан-Нэмл: 59-60.
[25] Тепщэ къик1ыу аращ.
[26] Пащтыхь къик1ыу аращ.
[27] Тхьэ къик1ыу аращ.
[28] Ан-Нас: 1.

Къэнащ жыт1эну: ахэр къыщигъэщ1ам зыгуэр я пщэ дилъхьа, унафэ ящ1энури ямыщ1энури яхуищ1а? Жыдо1эр: нт1э, къэк1уащ: *«ц1ыхухэм я Пащтыхьым»*[29], ит1ани къызэригъэхъумрэ унафэ зэрищ1ымрэ игъэбыдэжащ: *«Ат1э къэгъэщ1ынри унафэ щ1ынри зыбгъэдэлъыр Езыракъэ»*[30].

Ар щыжыт1эк1э, мыпхуэдэу жыдо1эр: «Ар Тхьэ къэзыгъэщ1у, Пащтыхь унафэщ1у щыщытк1э, ф1ыуэ плъагъуну щыт, ухущ1экъуну щыт, абым идеж быунэт1ыныр къызэригъэщ1амрэ унафэ зэрищ1ымрэ и нэщанэу щыт?»

Жыдо1эр: *«Ц1ыхухэм я Тхьэм»*[31], къик1ыр: ахэм Тхьэуэ я1эм, ф1ыуэ ялъагъум, Абы нэгъуэщ1 зыми хуиунэт1къым пщыл1 къигъэщ1ам, унафэ зыхуищ1ам, хуэпщыл1ым. Апхуэдэу аль-1иляхиер к1эухщ ик1и нэщанэщ, ипэк1э къэк1уам абым ухуигъэхьэзыру аращ.

А сурэхэр т1ури Алыхьым укъихъумэну узэрелъэ1ун нэхъ лъап1э дыдэхэу къэк1уахэщ Къур1эным, абыхэмк1э ущылъэ1уэнур укъихъумэну ущыхуэныкъуэращ. Бегъымбарым, Алыхьым и сэлятымрэ и сэлямымрэ зылъысын, щхъухь къыщырахам къыщыхъут зыгуэр ищ1ауэ, ауэ ар имыщ1ауэ. Апхуэдэу махуэ пл1ыщ1 дэк1ащ «Ас-Сэхьихь» тхылъит1ым зэриту. Щхъухь зэрыдзап1эхэр пщык1уз хъут, ит1анэ Алыхь Лъап1эм зызэрыпхъумэну т1ур къыригъэхри, аят пщык1уз хъут. Апхуэдэу зэрыдзап1э пщык1узри зэрык1ыжащ аят пщык1узымк1э.

Къур1эным и пэщ1эдзэм Алыхьым укъихъумэну узэрелъэ1ури и ц1эу «Аль-1илях»-ыращ, ар зыхуэпщыл1 закъуэщ, щытык1э нэгъэсауэ хъуар щызэхуэхьэсащ абым идеж. Пщыл1ым и лъэ1ури зыхуигъазэр а Тхьэ икъук1э нэгъэсаращ, ц1э лъап1эхэр зи1эращ, щытык1э 1этахэр зи1эращ. Аращ зыщыгугъыр ихъумэну и пщыл1 елъэ1ур и псалъэхэмк1э шейт1аныр езымрэ и Тхьэм зэрелъэ1умрэ якум къыдэмыувэну.

Ит1ани Тхьэм узэрелъэ1ур сытым щыгъуи «Алыхьым и ц1эк1э солъэ1у шейт1ан нэлат зэхам сыщихъумэну»[32] псалъэращ. Сыту жып1эмэ, «Алыхь» ц1эр ц1эуэ хъуам я нэщанэщ, аращ нэгъуэщ1 ц1эуэ хъуари Алыхь ц1эм ехьэл1ауэ къыщ1эк1уэр. Жыдо1эр:

---

[29] Ан-Нас: 2.

[30] Аль-1эгьраф: 54.

[31] Ан-Нас: 3.

[32] 1эгьузу биляхи мин аш-шейт1ани ар-рэджим.

«Алыхьыр Ас-Сэлямщ, Аль-Му1мин, Аль-Мухеймин, аращи ц1э лъап1эм адрейхэри къок1ыр, ауэ адрейхэм ар къик1къым.

Алыхьым гъусэ хуэзыщ1ахэр ар-рубубием нэгъуэщ1 къэзыгъэщ1 Алыхьым игъусэу щы1эу зыгъэувахэращ, ар Абы хуэдэ дыдэу жамы1эми, ахэращ мушрикхэр.

Алыхь Лъап1эм и ар-рубубиер дунейм ехьэл1ауэ икъук1э нэгъэсащ, сытми ехьэл1ащ, псори зэщ1еубыдэ, ахэм я псалъэхэр зэрыпц1ыр къегъэлъагъуэ. Сыту жып1эмэ, Абы и ар-рубубием хеубыдэр дунейм щы1эхэри, щытык1эхэри, хъеигъэхэри, 1уэхугъэхэри.

Къэдэрия мэжусиехэм я псалъэхэм ипэжып1эк1э къик1ыр: «Алыхь Лъап1эр псэущхьэхэм[33] ящ1эхэм и тепщэу щыткъым, ар-рубубиеми хиубыдэкъым ахэр. Аращи, дауэрэ ахэр хиубыдэну и лъэк1ыныгъэмрэ хуеиныгъэмрэ хэмыхьэхэмэ, ик1и къимыгъэщ1ахэмэ?».

[33] Ц1ыхухэри хьэк1экхъуэк1эхэри хеубыдэр.